Nomer 38 Salasa 16 Maart 1926 (2 Poewasa 1344) Taoen ka 2

Pembantoe sareng agen:
Priangan koelon Bestuur Pasoendan Bogor.
di Tjiandjoer Bestuur Pasoendan Tjiandjoer.
Priangan tengah H. B. Pasoendan Bandoeng

# SIPATAHOENAN

Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Ditjitak di Soekapoera drukkerij Tasikmalaja.

Pembantoe sareng agen:
Priangan wetan Bestuur Pasoendan Tjiamis.
Djawa wetan: Bestuur Tjabang Pasoendan. Soerabaja.

LANGGANAN.
3 sasih . . . . . f 1,50
Dibajar ti pajoen. Salambar 15 sen.

Redactie: Heerenstraat 31.
Administratie: Stationsweg 33 Tasikmalaja.

Redaktoer: SOETISNA SENDJAJA ATMAWINATA
Redaktoer di Batawi SOERIADJRADJA.

Directie: Administratie: Bestuur Pasoendan Tasikmalaja

Pangaos ADVERTENTIE:
1/16 katja f 2,— } Sakali moeat.
1/32 „ f 1,25 }
Langganan langkoeng mirah.

## Serat kintoenan.

(Loear tanggoengan Redactie)

*Sangiang sangandangan, sangiang sangender oepih, oelah rek sinigawe ka oerang manoesa, manoesa madea pada, aing weroeh di ngaran sia, Nji Gardoe Nji Boeloedroe, Nji Dangdang saerang, Seng Soeing Koleandap, bek mati sang koenti anak, hoerip koe sang anak-anak.*

*Si Loenggoepoeng ngaran indoeng, Ki Daleungdang ngaran bapa, anta madja, anta goena, baboe dajang sabrang kelong. Ih sia kelong!! (P. S. No. 18—1925).*

Dina Sipatahoenan No. 36 ping 2 Maart 1926, djisim koering matja verslag pondok rioengan Djrg. MASDOEKI sareng H. B. PASOENDAN.

Djisim koering harita kaleresan hen teu tiasa noengkoelan eta rioengan, lantaran aja wagelan noedjoe ka Batawi. Djadi handjakal pisan, henteu tiasa ngoepingkeun pribados, naon anoe ditjarioskeun sareng koemaha babandantenana, anoe mawi doegi ka ngedalkeun poetoesan noe saroepi dina verslag noe diserat di loehoer.

Ka hidji sim koering teu patos ngartos, naha eta kempelan teh, djadi kempelan Djr. Masdoeki sareng H, B. Pasoendan. Naha eta Djr. Masdoeki teh harita qua LID PASOENDAN, naha qua KASSIER STUDIEFONDS Sareng koe naon geuning dina eta verslag henteu disebatkeun saha-saha na anoe saroemping ti Studiefonds. Sarengna deui naha eta verslag ngan ditawis oepami henteu lepat koe tiloe lid Bestuur Studiefonds noe wapat tea? Atanapi noe nawis tiloean teh diangapna koe djisim koering koedoe saperti tiloe lid pakoempoelan Pasoendan? Sim koering ngoeping jen Djr. Prawiraamidjaja henteu kersaeun nawis. Noe kedah nawis teh leres nja kedah Djr, Prawiraamidjaja, nanging naha geuning ari ka ledeu H. B. noe sanes noe sami soemping noengkoelan eta kempelan versiagna teh henteu ditinggalkeun heula? Malah kapan sim koering oge asa pirakoe teu boga hak kana matja eta teh.

Sim koering pribadi KATJIDA henteu rempagna kana eta poetoesan-poetoesan, namoeng koe margi roepina ledeu H. B. noe sanes parantos ngedalkoun timbanganana kitoe, pitangtoseun bae eta poetoesan bakal didjalankeun koe sim koering, (bedjana Djrg. Bradjakoesoemah oge henteu moepakat kana eta poetoesan, lantaran awitna mah komo H. B. SORANGAN noe kedah ngadamel verslag eta kempelan teh, koe naon eta teu dilebetkeun dina verslag).

Ajeuna geura sim koering bade nilik-nilik eta verslag noe ditawis koe Djr. Masdoeki, Djr. S, Wirasasmita sareng Djr. A. Wirasasmita.

Tadi oge di loehoer koe sim koering bade didjalankeun (poetoesan-poetoesan noe jakin koe sim koering teu atjan dipapaj pandjang, lantaran tang tos kedah ngajakeun kempelan H. B. heula, bari ngabarempagkeun eta poetoesan-poetoesan sareng koemaha pidjalaneunana.)

Ieu mah noe dimaksad teh bade nembongkeun naon-naon noe kirang kahartos koe djisim koering sareng noe teu raos ka djisim koering, dina verslag noe beunang mondokkeun tea.

Sajaktosna Djrg. Masdoeki teh henteu raoseun koe laporan ti H. B. Pasoendan noe diebrehkeun dina Sipatahoenan No. 33 ping 9 Februari 1926, dongkap ka dina verslagna teh aja omongan kieu: „Neundeun eta laporan matak oge ngadjautenkeun riboet"

Ari perkawis eta mah; nja koemaha djalmina bae.

Moen palebah djalmi panasan, gede napsoe, atoeh pitangtoseun bae, nadjan dibere djalan sakoemah lemesna oge moal boeroeng djadi amarah.

Lebah dieu koe djisim koering rada kahartos oge, Djoeragan Masdoeki soe soeloek singkil kawas bade perang, geuning tjek dina wajang mah „Tjat Bima Singa nada".

Perkawis administratie Studiefonds masing bade dipiutonkeun ka Accountantsdienst oge, tangtos sing saha Accountant oge njebatkeun jen ti tompernа sasih Januari 1922 doegi ka 20 Juni 1924, HENTEU LERES, moal aja noe wantoeneun njebat kirang beres, lantaran dina eta lolongkrang henteu aja verantwoordingna dina kasboek Secretaris - Penningmeester, doeka itjal, doeka koe lantaran kirang titen njerat-njeratkeunana. Oepami ajeuna tjenah parantos aja, kapendak serat-seratna, djadi ngaleosna henteu teterasan, moeng oekoer katjipta koe adji balimoenan, atanapi adji siloeman, nja atoeh ditampi pisan, ngan harita nalika DITINGALAN—da ari kana „MARIOS" mah H. B. henteu aja hakna—henteu aja.

Tah, djadi Djr. Masdoeki teh, ka koem koe noe kirang leres, nja eta Studiefonds tea. Sim koering henteu bade njarioskeun djalma-djalma anoe gadoeh hak ngoeroes kaperloean tina hal eta administratie.

Djadi patarosan anoe henteu aja pisan peurahna. oge karaos koe anadjeunna, njeri peurih, asa ditoedoeh pipiloeeun kana administratie anoe kirang leres.

Koe H. B. Pasoendan disebatkeun henteu aja dina kasboek kassier. Saoer kassier Studiefonds eta dina kasboek Secretaris - Penningmeester oge lebet kana „CREDITEUREN" atoeh oepami kitoe mah Secretaris - Penningmeester kedah nampi heula ti Crediteur, djadi hartosna teh kieu:

Kas Secretaris-Penningmeester

| | |
|---|---|
| Nampi ti . . . . . . . | f 200,— |
| Majar ka . . . . . . . | f 200,— |

Oepami ieu salah sahidji dileungitkeun tangtos kirang anoe diseratkeun

Geuning koe H, B. oge disebat KASSIER sanes Djrg. Masdoeki. da H, B. oge henteu bade njela ka Djr. MASDOEKI, lid pakempelan Pasoendan. Sarengna deui oepami kitoe mah. H. B. Pasoendan teh henteu kenging njela pakempelan sanes, oepami ci eta kempelan kaleresan aja lid Pasoendan.

Kadjabi ti eta Djr. Masdoeki njebatkeun, jen laporan H. B. Pasoendan teh ngotoran nami andjeunna. Koe emoetan sim koering mah, moal enja hidji djelema bisa dikotoran koe anoe sedjen, noe ngotoran lahirna teh tang toe bae paripolah soranganana. Mana wi noe dimaksad koe andjeunna ngotoran batinna.

Ajeuna sim koering bade naros. Naha eta laporan H. B. Pasoendan maksadna bade ngagoreugkeun? Atanapi kapendak ketjap ketjap noe njentoeg dina eta laporan, dongkap ka aja sangkaan kitoe. Ari maksadna eta laporan, sanes pisan bade ngagorengkeun hidji djelema, BOH LID, BOH SANES LID PASOENDAN, ngan netelakeun naon anoe kapendak koe H. B. Pasoendan.

Malah dina eta laporan kapan aja basa kieu: „Djabi ti eta kedah DIPAPARIN KATERANGAN hal ... enz"

Oepami Kassier Studiefonds henteu raos koe eta basa, nja manawi kedah njerat bae dina Sipatahoenan, margi dina vergadering sareng Studiefonds (parantos tiloe kali) noe soemping teh ngan djoeragan Ema bae.

Administratie. anoe ditjepeng koe Djr. Ema aja, ngan dina nembean nampina boekoe-boekoe koe Djr. Ema sajaktosna kedah diseratkeun jen eta teh kirang beres.

Kadjabina ti ieu sim koering bade naroskeun, koe naon sim koering nalika njoehoenkeun tingalan boekoe, njarita ka Djr. Ema, ari Djr. Ema henteu tiasa masihkeun boekoe koe pribadosna tea mah, da harita andjeunna bade ka les- pasrahkeun bae ka boedjang pikeun mikeun ka sim koering atanapi tembrakkeun bae dipajoen dina medja.

Da koe sim koering oge parantos katakeir palalinter Bestuur Studiefonds teh, djalmi noe barodo oge ma nawi ngartieun kaajaan anoe digambarkeun koe andjeunna sae. Hartosna oepami bade ngagambarkeun koeda nja sim koering moal kerok deui tangtos katingalna. koe sim koering djiga koeda, namoeng andjeunna njebat jen sim koering tangtos moal ngartos. djadi langkoeng sae dibandingna koe andjeunna sareng koe anoe sanes.

Oepami teu lepat, Djr. Masdoeki njeratan ka Tjabang Pasoendan Bandoeng, naha gampil mana njoehoen keun katerangan ka Tasik atanapi ka Bandoeng?

Djawab djisim koering: Ka hidji H B. Pasoendan henteu menta katerangan ka Tasik. Ka doeana, koe saliwat mah poegoeh gampil tataros di Bandoeng, namoeng oepami diemoet deui, masing sakoemaha tjaketna oge. ari kadjoedi „boengkem" tjek Malajoe tea mah, atoeh mending oge njoektjroek katerangan ka toengtoeng langit, tjarek wiwilanganana, lamoen ti ditoe ti djaoehna bakal katjangking waionanana. Boektina anoe soemping minangka wawakil Studiefonds moeng Djr. Ema sareng pangpaudeurina di boemi Djr. Wirasasmita, djadi aja doeaan.

Nilik kana verslag pondok tea, ningal kana prak-prakanana ngamimitian moeka vergadering, katjipta pisan noe katingal teh ngan peureup, koeda-koeda, sikoe-sikoe, haloe sareng sekin. Geura di mana aja noe rek ngamimitian moeka vergadering, djol-djol aja noe njoehoenkeun katangtosan heula „Naha ieu rioengan teh dipandang saperti moesoeh djeung moesoeh anoe rek silih bolekerkeun kagorengan atanapi Joeloer djeung doeloer" sami bae sareng aja noe nanja „Sia teh baraja atawa lain?" „Sia teh hajang hiroep atawa paeh?"

Ari emoetan sim koering mah, H. B. Pasoendan ti semet ditoengtoen, dioeroes koe sim koering, henteu rek nganggap moesoeh ka si Dadap atawa ka si Waroe, atawa moesoeh ka koempoelan ieu atawa ka koempoelan itoe. Namoeng oepami aja noe bade njebatkeun moesoehna Pasoendan mah, eta koema dinja bae. Da noe rek diileng-ileng koe H. B. salamina oge toedjoeanana Pasoendan sareng koemaha djalanna, ngoedagna noe bisa dilakonan koe H. B.

H. B. moal ngasoepan kalangan anoe soesoembar hari nepak dada, oepami di djero eta kalangan henteu aja noe matak mampaat keur oerang Soenda djeung lemah tjaina. Kalangan noe kosong kitoe koe H. B. didjaoehan disingkahan.

Sareng dina ngasoepanana oge moal rek ngagitik, Pasoendan mah rek iempeng djalanna da bersih toedjoeanana. Ari Sandekala mah pangsieunna koe adji kaberesihan.

Eta tjenah dina kalangan Pasoendan aja noe miloe oeloe bioeng noe tjawadeun lakoe lampahna, atoeh da H. B. mah moal milih kasih, noe hideung diseboet hideung, noe bodas diseboet bodas, moal milih boeloe atawa koelt.

Panoetoep, naros ka Bestuur Studiefonds noe moesna tea, nja eta hal ngahadiahkeun sesa artos ka Kasatrian-School sareng ka Schakelschooll Pasoendan anoe digentos namina koe Eerste Particuliere Schakelschool. Ieu sakola SANES anoe pakempelan Pasoendan. Eta koe djisim koering rada teu kaharti. Naha ari H. I. S. Pasoendan Tasikmalaja henteu kabawa-bawa dibagi warisan?

Kapan tjenah serat M. ka tjabang Pasoendan Bandoeng, anoe digorengkeun teh lid Pasoendan. Koenaon para Djoeragan leden Studiefonds anoe djaradi leden Pasoendan, keur ngahadiahkeun henteu emoet - emoet ka Pasoendan? (Oepami teu lepat seuseueurna kekengingan Studiefonds teh ti Tasikmalaja, koe pangdeudeulna tjabang Pasoendan Tasik. Corr.)

Djr. Masdoeki dina vergadering anoe parantos. njebatkeun jen andjeunna parantos doea kali njeratan ka H. B, moendoet vergadering.

Koe sim koering ka anoe mawa eta serat disebatkeun jen perkara eta dibadantenkeun heula, sareng baba toeran, namoeng doeka heuleut doea dinten doeka tiloe dinten parantos djeboel deui serat, dinten eta kaleresan parantos aja walonan ka andjeunna.

Ari ngaos verslag pondok mah kawas pisan H. B. teh kirang titen tina hal ieu.

Sim koering sajaktosna mah parantos bosen koe perkawis Studiefonds teh.

Ieu perkawis koe sim koering dianggap perkawis tjetjek botjek.

Sim koering samemeh indit ka Batawi moponiakeun ka sadoeloer-doeloer H. B. eta vergadering sareng Studiefonds oelah doegi ka djadi lid-lid Pasoendan anoe tadina djadi bestuur Studiefonds pararoendoeng sing njaah ka pakempelan, ngan poma dina moendoer papan oelah doegi ka ngaleungitkeun maneh pisan.

Nilik verslag ieu, katingalna teh H. B. katjida kirang renghapna teh, katjida pisan handjakalna eta verslag henteu ditingalkeun ka anoe sanes heula. Club anoe parantos djadi bangke pada sili tarik. Kawas H. B teh teu aja deui oeroeseun anoe langkoeng penting.

Sim koering mah moal rek njoeratan, ngawalonan atawa nanja deui, hal ieu H. B. parantos njoe-nponan kana kahajangna ledenvergadering. Hanas engke dina Sipatahoenan aja walonan, hal patarosan djeung verslagna H. B. noe pajoen, eta dipasrahkeun ka timbangan tjabang-tjabang.

Keur H. B. mah ieu perkawis parantos ditoetoep, kadjabi ti ngadjalankeun poetoesan vergadering anoe pang poengkoerna, sareng anoo didjalankeun ngan noe saperioena woengkoel.

**Otto Soebrata**

(persoonlijk)

N. B.

De boomen moeten ons niet beletten het bosch te zien.

Hartosna: Kakaian oelah djadi panghalang ka oerang pikeun nendjo leuweung.

Tah, ieu perkawis djoer. Masdoeki koe ketjap-ketjap dina verslag roepina henteu disaean heula. Pitangtoseun bae ari koe lalambe mah, seueur noe matak njentoeg, da kaboeroe koe napsoe. Namoeng dioenggal verslag oge, kedah bae disaean heula (Boh verslag Gemeente, boh verslag Prov. Raad) dibeberes, ngan maksadna anoe njarios ditetepkeun.

Roepina bae, anoe nawis verslag henteu atjan poeas, djabina ti kenging anoe dimaksad teh hojong nembongkeun kadengkian.

Masing engke ka pajoen seueur deui anoe njebat sim koering mah henteu pipiloeeun, koe sim koering ditampi pisan. ngan H. B. TETEP njebatkeun administratie Studiefonds kirang (henteu) beres.

Peupeudjeuh ka anoe ngaos eta verslag, sareng ieu serat anoe kedah diileng teh leuweungna sanes hidji-hidjina tangkal. Koe anoe bangsa kieu sering pisan sok pindah ti noe kedah di ileug.

Sim koering noelis diloehoereun ieu seratan panjinglar kelong, sanes pisan noedoeh ka Studiefonds atanapi Bestuur Studiefons atanapi ka salah sawios lid bestuur Studiefonds, namoeng njinglarkeun ka noe rek ngagoda, ngawoet-ngawoet Pasoendan.

Margi koe perkawis ieu tiasa oge aja anoe njebatkeun moesoehna Pasoendan, atanapi koe panjelekna anoe sanes djaradi moesoeh Pasoendan.

**O. S.**

## Orgaan.

Paraloen djoeragan - djoeragan, paraloen, wantoen dipentjit koeriling oepami Tjiandjoer gadoeh panjileukan pagirang-girang tampian soemawonten make implik-implik gindi pikir belang bajah mah, sirik pidik pedah Tasik kagoengan weekblad, boooo. . . . teu pisan pisan; anggoer mah atoh, hajang ngiring ngaping, ngadjoengdjoeng ngaoegoeng oegoeng, sing lambat lambaet, pandjang poendjoeng pandjang oemoerna, oelah tjara katoekang-toekang, lol lep teu kaoer koe panjakit.

Roemaos lepat tea mah, sapedah dina verslag henteu tetela pisan koemaha noe djadi angen-angen. Tjiandjoer, lantaran satadina ngingetkeun engke dina alg. vergad: oelah tjawerang teuing ngadadarkeun voorstel noe parantos aja dina Sip. Sadaja-daja moegi djembar pangampoera, njanggakeun beubeung teuteukeun, tikoro gorokeun, soekoe genteng belokeun, sarehna gadoeh kalelepatan kitoe.

Ari angkeuh mah teu benten sareng Tasik, hajang hidji njaeta Sipatahoenan, sarta bade diwewegan disantosaan make djalan economische politiek, malah mandar bisa oeleng bisa lauggeng oelah ririwit koe roepa roepa panjakit, sina bener. Djadi Satria Soendana, sina poegoeh nja djadi oetoesanana oerang Soenda tanah Pasoendan.

Djoeragan! Oelah gimir oelah gingsir, Tjiandjoer mah sanes bade ngaligarkeun nanging ngalingsigkeun, anoe mawi ajeuna gadoeh toetoengkoesan saeutik-eutikeun oge sok dihatoerkeun ka Sip. teh; ngan handjakal djoeragan Administrateur teu atjan ngintoenan deui, nembe sakali-kalina.

Kantenan Tjiandjoer oge asa-asa teu roedjoek oepami ngahadja ngadamel deui orgaan mah, margi enkeur mah enkeur oerang Soenda teh teu atjan pati sakoemaha seueurna anoe mikaresep kana lajang Soenda, hajoh ajeuna rek diajaan deui noe sanes, atoeh tangtos rada „bersaingan" kadjadianana.

Tjing atoeh djoeragan geugeuj ajeuna mah da parantos balebat, oelah tibra, koelem kadjongdjonan kena-kena kagoengan kampoeh ramoan.

**„TI TJIANDJOER"**

## Tjengtjelengan. !

Soepados oelah paudjang pgantaj teuing engke dina vergadering, ngaba rempagkeun tina hal tjengtjelengan tea ajeuna ieu kasanggakeun ka para djoeragan-djoeragan rarantjang huishoudelijk reglementna. Mangga geura marahahan pingagentoseunana atawa pikeun pangwoewoehna, da poegoeh ngan sakieu boektina, sesah diri-n tjat roedjatkeunana singhoreng ari heureut pakeunna mah; sakieu oge estoening seuseut alah batan neureuj keueus.

LID MAATSCHAP

Artikel 1.

Pikeun njoemponan kana artikel 2 tina Statuten Vereeniging Pasoendan diajaan atoeran njengtjelengankeun.

Artikel 2.

Noe ditampa njengtjelengankeun teh lain ngan anggahota Pasoendan bae, tapi sakoer oerang Soenda.

Artikel 3.

Mentana njengtjelengankeun koedoe koe soerat ka bestuur tjabang di tempatna, noeroetkeun model noe ditetepkeun koe Huishoudelijk Reglement.

TJENGTJELENGANANA.

Artikel 4.

Mimitina njengtjelengankeun dina boelan, sabadana ieu atoeran disahkeun koe algemeene vergadering Pasoendan.

Artikel 5.

Oenggal-oenggal noe njengtjelengankeun pang saeutikna dina saboelan njimpen satalen, Saleuwihna koedoe titikelanana tina satalen.

Demi lilana njengtjelengankeun teh sakoerang koerangna koedoe 10 taoen.

NGAGOLANGKEUNANA.

Artikel 6

Lamoen kataksir tjoekoep pimodaleunana sarta geus ditetepkeun koe algemeene vergadering pikeun ngagolangkeunana eta doeit, saban-aban tjengtjelengan anoe geus djedjeg f 10 dikaloearkeun tina boekoe tjengtjelenganana sata teroes didjieun aandeel noe gedena f 10.—

Artikel 7.

Doeit tjengtjelengan anoe teu atjan dikaloearkeun tina boekoena noeroetkeun artikel 6 tea, beunang diindjemkeun ka noe njengtjelengankeun.

Artikel 8.

Anoe meunang ngindjeum teh anoe sakoerang koerangna geus sataoen njengtjelengankeunana.

Artikel 9.

Anoe djadi borgna njaeta doeit tjengtjelenganana.

Artikel 10.

Doeit tjengtjelengan teh diindjeumkeunana teu meunang leuwih ti noe ditetepkeun dina artikel 14 sarta ma ke renteu 1% tina poko (afnemende rente).

Artikel 11.

Ngindjeum leuwih tina anoe kaseboet dina artikel 10 oge meunang, tapi make borg sasama anoe njengtjelengan, lobana sakoemaha hak dee it poepoelangan noe ngindjeum djeung noe djadi borg, lamoen kaloear tina njengtjelengankeunana.

Artikel 12.

Heula pandeurina mere ngindjeum, noeroetkeun parelena soerat panoehoen (aanvraag) bae.

Artikel 13.

Majarna eta hoetang ditjitjil noeroetkeun timbangan pangoeroesna, ta pi pang elat-elatna djero 20 boelan ti na waktoe ngindjeum tea koedoe loenas.

Artikel 14.

Noe hajang njokot doeit tjengtjelenganana nampana poepoelangan ngan:

a. 40% tina simpenanana moen geus djedjeg sataoen atawa leuwih, tapi koerang tina 2 taoen.

b. 50% tina simpenanana moen geus djedjeg 2 taoen atawa leuwih, tapi koerang tina 3 taoen.

c. 60% tina simpenanana moen geus djedjeg 3 taoen atawa leuwih.

Artikel 15.

Eta doeit tjengtjelengan teu beunang ditjokot salamangsa, kadjaba ti lamoen adjal noe njengtjelengankeunanana atawa meunang katjilakaan gede anoe disahkeun koe bestuur tjabang.

Artikel 16.

Lamoen hidji noe njengtjelengankeun dikaloearkeun koe algemeene vergadering satjabang-tjabangna (geroyeerd), doeit tjengtjelenganana dipoelangkeun, noeroetkeun tarief noe kaseboet dina artikel 14.

Artikel 17.

Menta kaloear tina njengtjelengankeun koedoe koe soerat (toelisan) noeroetkeun model anoe ditangtoekeun koe pangoeroesna.

Artikel 18.

Anoe noenggak tjengtjelenganana semet 6 boelan sarta noeroetkeun timbangan bestuur teu aja sababna noe sah, koe bestuur dikaloearkeun tina njengtjelengankeunana, sarta dji nisna koedoe dibadjaan koe soerat, sabab-sababna noe matak dikaloearkeun.

Noe dikaloearkeun tea lamoen teu narima kana poetoesan bestuur tjabang, meunang menta poetoesan algemeene vergadering tjabang.

Artikel 19.

Sanggeus djedjeg 10 taoen meunang kaloear tina njengtjelengankeunana, sarta doeitna anoe teu atjan didjieun aandeel dipoelangkeun gembleng ditambahan koe pangasilanana.

PANGOEROES.

Artikel 20.

Pangoeroes ieu tjengtjelengan njaeta Hoofdbestuur Pasoendan djeung bestuur satjabang-tjabangna.

ADMINISTRATIENA.

Artikel 21.

Oenggal-oenggal noe njengtjelengankeun koedoe pada boga boekoe simpenan.

Artikel 22.

Dina oenggal oenggal njimpen doeit noe disimpen koedoe ditoelis dina boekoena sarta koedoe ditandu koenoe di wadjibkeun narima.

Artikel 23.

Eta doeit tjengtjelengan tea koe pangoeroes koedoe disimpen dina hidji pakoempoelan doeit (bank) anoe toha ga, noeroetkeun timbangan pangoeroes tjabangna kalawan pirempoeg hoofdbestuur Pasoendan.

Artikel 24.

Disimpenna oelah make ngaran pangoeroes, tapi pakoempoelan Pasoendan.

Artikel 25.

Waktoena njimpen ka bank tea koedoe oenggal oenggal boelan pang elat elatna tanggal 15.

Artikel 26.

Njokotna doeit simpenan ti bank tea, aanvraagna koedoe ditanda koe Voorzitter hoofdbestuur atawa wawakilna.

Artikel 27.

Pikeun ongkos - ongkosna ditanggoeng koe satjabang-tjabangna bae, tapi 20% tina pangasilan tjengtjelengan tea koedoe distorkeun (dimilikkeun) ka tjabangna.

Artikel 28.

Dina waktoe naon bae anoe moena sabah, oenggal oenggal anoe njengtjelengankeun meunang mariksa boekoe boekoe administratiena.

COMMISSIE VAN TOEZICHT.

Artikel 29.

Diajakeun commissie van toezicht anoe didjadikeun koe 3 lid beunang milih ti antara elid-elid Pasoendan, goenana pikeun niteuan pagaweanana pangoeroes tjengtjelengan.

Kaloearna djeung milihna eta lid commissie van toezicht tjara atoeran bestuur bae.

Artikel 30.

Sakoerang-koerangna dina 3 boelan sakali pagawean bestuur tina bab tjengtjelengan koedoe dipariksa koe commissie van toezicht sarta beubeunanganana dioearkeun ka sakoer noe njengtjelengankeun.

Artikel 31.

Bestuur koedoe njaosan kana pamentana commissie van toezicht tea pikeun kaperloean ngadjalankeun pagaweanana.

Artikel 32.

Boh bestuur boh commissie van toezicht tea koedoe ngarasiahkeun kana oeroes-oeroesan njengtjelengan, kadjaba ti lamoen aja perloena.

KAOENTOENGAN.

Artikel 33.

Kaoentoenganana tina doeit tjengtjelengan dina sataoen sakali (kalenderjaar) dibagi-bagina kieu:

1. 20% ongkos toetoelisan (artikel 26).
2. 20% keur pagoejoeban Pasoendan.
3. 50% diandoemkeun ka sakoer noe njengtjelengankeun.
4. 10% bagikeuneun ka lid Pasoendan noe njengtjelengankeun.

Ngandoemkeunana ka noe njengtjelengankeun noeroetkeun tatandinganana simpenanana. Tapi lain dipasrahkeun ka saoerang-saoerangna, ieu mah ditambahkeun dina saboekoe-saboekoena.

KOEMPOELAN.

Artikel 34.

Koempoelan ngabadamikeun oeroes oeroesan tjengtjelengan di satjabang-tjabangna diajakeun, sakoerang-koerangna sataoen sakali bareng djeung leden vergadering Pasoendan, njakitoe deui algemeene vergaderingna.

Artikel 35.

Algemeene vergadering bab tjengtjelengan kadjaba ti noe kaseboet dina artikel 33 beunang diajakeun sala mangsa, asal dipenta koe sakoerang-koerangna 3 tjabang. Pikeun vergadering tjabang koedoe dipenta koe sakoerang-koerangna 5 lid noe njengtjelengankeun.

Artikel 36.

Algemeene vergadering diakoe sah lamoen anoe datang kana eta vergadering mawa soeara 2/3na tina lobana lid noe njengtjelengan.

Boh lid torodjogan boh tjabang meunang ngawasakeun koe soerat kasasama elid pikeun mawa soeara kana vergadering.

Artikel 37.

Bestuursvergadering tjabang atawa hoofdbestuursvergadering diajakeun noeroetkeun kaperloeanana njengtjelengankeun.

PANOETOEP.

Artikel 38.

Ngoebrakeun hal njengtjelengankeun noeroetkeun poetoesanana algemeene vergadering.

Artikel 39.

Dimana ieu atoeran njengtjelengankeun dikoebrakeun, doeit tjengtjelenganana katoet pangasilanana dipoelangkeun ka noe njengtjelengan, kadjaba ti noe geus djadi aandeel mah, tjara noe kaseboet dina artikel.

Ieu mah geus kaloear tina gembengan tjengtjelengan, sarta geus djadi tanggoenganana pakoempoelan aandeel.

Artikel 40.

Kabeh atoeran atoeran anoe kaseboet di loehoer (huishoudelijk reglement bab tjengtjelengan), dilarapkeunnana sanggeus diakoe sah koe algemeene vergadering njaeta di boelan 1926.


**PARA SADEREK**

Mangga garaleuh lot Pasoendan á f 1.—.

Ajeunà seueur keneh pisan noe teu atjan padjeng.


## Studiefonds noe dikoebrakeun.

. . . . . . . . .

Ngawitan hatoer noehoen ka H. B. Pagoejoeban Pasoendan; hatoer noehoen kana belangstelling ka studiefonds.

Samemeh ngadjawab pertanjaan pertanjaan dina Sipatahoenan No. 33 (Salasa 9 Februari 1926), ngaraos perloe njanggakeun heula katerangan saeutik ka noe maraos Sipatahoenan (sanes ka H. B. Pasoendan). Aja noe naroskeun naha Studiefonds anoe dikoebrakeun henteu ngirimkeun oetoesan kana congres Pagoejoeban Pasoendan di Tasikmalaja. Margina, ondangan mondeling ti H. B. Pasoendan katampina dinten Ahad ping 20 December 25 koe perantaraan hidji comitelid. Dinten Senen 21 December eta comitelid ngadeuheus deui ka H. B. Pasoendan njanggakeun boekoe-boekoe Studiefonds soepados ditingalian. Ieu nembongkeun boekoe boekoe sanes pamoendoet H. B. Pasoendan, namoeng kahadeanana Studiefonds. Koe lantaran dinten Senen ngadeuheus tea, kantoen njesa dinten Salasa sareng Rebo pikeun babadantenan comiteleden Studiefonds djenat, margi Kemisna parantos kedah mios ka Tasikmalaja. Ieu waktos doea dinten pikeun di kota Bandoeng karaos santek teuing pikeun ngadamel kempelan, oepami ngemoetkeun patebihna boemina comiteleden, katambih deui kaperloean noe djadi handelaren mah benten ti noe sok ngantor; kadjantenanana moeng tiasa badanten tiloean. Koe lantaran djr. S. Wirasasmita kaleresan bade angkat ka Tasikmalaja, noengkoelan eta congres dipasrahkeun ka andjeunna. Kenging sawengi di Tasik, endjingna djr. S. Wirasasmita kenging serat (expresse bestelling) aja kaperloean di boemina, kapaksa moelih deui ka Bandoeng, teu kaboedjeng noengkoelan congres.

Kantenan comiteleden studiefonds djenat teh ngaraos wadjib meresan satiusa tiasa sagala kaajaan Studiefonds, oepami aja noe lepat poegoeh lepatna, leres poegoeh leresna, moal bade moentang ka noe sanes; noe mawi leres pisan H. B. Pasoendan ka publiek moendoet oelah dihoeroensoeloehkeun dikompet-daoenkeun sareng andjeunna; teu miloe manisna teu miloe paitna. Comiteleden dongkol oge emoetanana nja kitoe keneh, nja eta hajang oelah rewel sapertos H. B. Pasoendan waktos ramean congres basa Soenda di Bandoeng.

H. B. Pagoejoeban Pasoendan kantenan kagoengan hak neundeun laporananana dina serat kabar, sanaos henteu moepakat heula sareng noe gadoehna boekoe oge. Moeng bae rada handjakal oge papariosan H. B. Pasoendan koerang sampoerna, henteu kebat doegi ka toetoepna, nja eta patarosan patarosan anoe diteundeun dina Sipatahoenan teh seuseuourna henteu dipariosкeun heula ka noe wadjibna. Tjatjakan oepami kitoe, tangtos dina Sipatahoenan moeng kantoen neundeun laporanana bae, moal make ngabaralang pertanjaan; meureun bade gawe, tandana kokolot noe dikokolotkeun.

Djawaban anoe diteundeun ieu di handap oge ngabantoenna tina boekoe boekoe eta keneh. Perkawis eta ka ajaanana boekoe boekoe henteu sapertos kenging ahlina, atoeh pantes bae, margi secretaris-penningmeester studiefonds djenat teh nja eta djr. M. G. Kartaatmadja digentos koe djr. Moechlis, doeanana oge sanes akontan sanes boekhouder.

Koe emoetan studiefonds djenat, sanaos H. B. Pasoendan neundeun berendelan artos dina serat kabar oge, antawis noe maraos saeutik pisan noe ngartos, komo sareng ditambih koe aja salah tjitak; noe mawi dina perdjawabanana moal diserat deui pertanjaan-pertanjaan H. B. Pasoendan, moeng bade diteundeun djawabanana bae, ditoengtoet ti mimiti, nomerna sareng letterna noemoetkeun saajana dina pertanjaan. Nja eta di handap ieu:

1. Sarerea pada ngarti, noe ngaloearkeun doeit henteu salawasna gampang meunang kwitantie, saperti dina toempak sado, majar koeli, kartjis kareta api enz. Perkara H. B. Pasoendan henteu nanggel, barang tangtos bae, da noe nanggel mah noe njieun sareng noe nanda verantwoordingna; kapan saoerna oge teu miloe manisna teu miloe paitna, moal enja kedah nanggel.

2. Noe dipasrahkeun ka djr. Roestami kantenan aja katerangananana, nja eta dianggo modal toenil ka Tjiandjoer sareng ka Soekaboemi. Diverantwoord, pasesaanana aja dina artos noe f 103,32 sareng f 45,10 (tingali specificatie noot (3)b sareng (3)c).

2a Dina kasboek disebat „Crediteuren Masdoeki"; hartosna sanes setor ka kassier, namoeng majar hoetang ka djr. Masdoeki, namoeng kalepatan, koe djr. Secretaris penningmeester M. G. Kartaatmadja waktos ngahoetang henteu dilebetkeun dina kasboek koloin ontvangsten, lantaran saparantos katampi ti djr. Masdoeki, eta artos ladjeng bae dianggo modal toenil noe f 100,— di Ons Genoegen, noe f 100,— deui di Tasikmalaja.

2b. Eta artos dianggo modal toenil di Soekaboemi, saparantos diverantwoord, aja kantoenna njaeta dina artos noe f 269,90 (tingali specificatie noot (1)). Verantwoordingna parantos ditawis koe pangoeroes Bandoeng sareng Soekaboemi (accoord bevinding).

2c. Eta sadajana parantos diringkeskeun, kadjadianana boga sesa f 148,42, margi noe f 200,— lebet kana etangan bagian oerang Soekaboemi (tingali specificatie noot (1) ).

2d. Noemoetkeun serat ti djr. Soetisnakoesoemah sanes f 20,— sareng f 220,— tapi f 20,— sareng f 120,— Ari sadajana toenggak di Soekaboemi kedah aja f 269,90. eta artos teu tiasa lebet kana kas, margi djoeragan djoeragan anoe dipertjanten parantos ngaralih ti Soekaboemi. Parantos dioeroeskeun koe djr. Moechlis ka Soekaboemi, teu tiasa beres keneh bae. Kenging katerangan waktos toenil seueur kartjis diandjoekkeun koe oerang Soekaboemi. Anoe hideng masrahkeun artos teu aja.

3. Saoemoer studiefonds ngadeg secretaris penningmeester teh doeaan, ngawitan djr. M. G. Kartaatmadja, ladjeng djr. Moechlis. Ti mimiti toenil ka Tjiandjoer sareng Soekaboemi koe djr. Moechlis teu dilebetkeun kana kasboek soteh, margi njaeta ti Soekaboemi tjan beres tea. Namoeng sonaos teu dilebetkeun kana kasboek oge, seseratan sareng verantwoording enz. sadajana aja; kantoen mindahkeun kana kasboek bae.

4. Sapertos kapoengkoer ka H. B. Pasoendan parantos ditjarioskeun mondeling waktos ningalian boekoe, eta berendelan teh henteu leres, noe f 105,— ti NASEHAT teu katampi. Doepi leresna ieu:

A. Ieu artos f 100,— doegi ka ajeuna teu atjan tiasa mastikeun ti saha atanapi saha noe kedah verantwoorden (tingali specificatie noot (2)). Diilari katerangananana parantos lami pisan, njaeta ti saparantos toenil Ons Genoegen sasih September 1921. Noemoetkeun seseratan, anoe kedah verantwoorden eta artos teh kedah salasaoerang njaeta voorzitter djr. Roestami atanapi secretaris-penningmeester djr. M. G. Kartaatmadja. Namoeng saoer djr. Roestami teu nampi, saoer djr. M. G. Kartaatmadja teu nampi. Noe mawi dilebetkeun kana berendelen, margi noe ngoeroeskeun njaeta djr. Moechlis nampina katerangan ti djr. M. G. Kartaatmadja jen teu nampi, langkoeng ti pajoen. Koe sangkaan tadi, koe margi djr. M. G. Kartaatmadja teu nampi, soegan djr. Roestami.

B. Saparantos verantwoording ongkos-ongkos diahtan f 30,— ajeuna aja sesa f 58,53 (tingali specificatie noot (3) a).

C. Leresna kedah f 45,10 (tingali specificatie noot (3) c).

D. Ieu artos f 105, – nembe kalangkang woengkoel, doegi ka fonds dikoebrakeun teu katampi ti pakoempoelan NASEHAT. Djadi dileungitkeun tina rekeningna djr. Roestami.

E. Noe f103,32 tetep lebet kana rekening dj. Roestami.

F. Koe margi verantwoording ongkos ongkos toenil di Ons Genoegen parantos ngalitan f 30,— (tingali sub B di loehoer) terasna eta artos f 30,— dilebetkeun kana kaloearan Soekaboemi.

Djadi ajeuna berendelanana kieu:

| | |
|---|---|
| B. | f 58,53 |
| C. | f 45,10 |
| E. | f 103,32 |
| Djoemblah | f 206,95 (tingali specificatien noot (3) a b c). |
| Ieu dipotong koe supletoire verantwoording | f 78,18 |
| kantoenna | f 128,77 |

Kaajaan doeit dieung noe koedoe verantwoord noeroetkeun kasboek nepi ka 12 Januari 1922 (samboengan laporan H. B. Pasoendan).

| | | |
|---|---|---|
| Voorschot dj. Roestami (toenil Tjiandjoer) | | f 165,25 |
| Dipasrahkeun ka id . . . | | f 90,— |
| Majar hoetang ka djr. Masdoeki f 100,— f 100,— | | f 200,— |
| Sesana di kassier . . . . | | f 250,— |
| Sesana di secretaris-penningmeester | | f 6,— |
| | | f 711,15 |
| Ti 12 Januari nepi ka poean koebra noe panampaan: | | |
| Bati toenil Soekaboemi | f 210,72 | |
| Toenggak kartjis Ons Genoegen | f 6,60 | f 217,32 |
| Djoemblah | | f 928,47 |
| Kaloearan: | | |
| Roegi toenil Tjiandjoer | f 120,05 | |
| Verantw. djr. Roestami | f 78,18 | |
| id toenil Ons Genoegen | f 41,47 | |
| id djr. Moechlis | f 7,50 | |
| id djr. Ema. . | f 15,— | |
| Kaloearan ti 20 Juni '24 nepi ka 20 Nov. '25 | f 18,34 | f 280,54 |
| Koedoe aja doeit | | f 647,93 |

Specificatie:

(1) Toenggak ladang toenil di oerang Soekaboemi f 269,90

(2) Teu kapanggih katerangananana saha noe koedoe

verantwoorden f 100.—
(3) Di djr. **Roestami:**
a. Sesa di Ons Genoegen f 58.53
b. id ti Soekaboemi f 103, 32
c. id ti Tjiandjoer f 45,10
f 206,95
Dipotong verantwoording f 78.18 f 128,77
Sesa poëan koebra . . . . f 149,26
f 647,93

Eta sesa f 149,26 kapoengkoer parantos dimoeat dina Sipatahoenan.

Artos di djr. Roestami f 128,77 parantos diberesan.

Di kassier (djr. Masdoeki) parantos teu aja artos. Sadajana noe katampi koe andjeunna (f450,— sareng f132,60) dikirangan koe (f 200.— f 200,— f 15,— f 167,60). Djadi seep. Ieu noe f 200,— f 200,— parantos lebet patjorok di loehoer, noe f 15,— parantos verantwoord; noe f 167, 60 njaeta pangpandeurina noe katampi koe djr. Ema disaksian koe tiloean, kas boekna parantos digezien en accoord bevonden koe opatan, kapoengkoer parantos dimoeat dina Sipatahoenan. Ieu koe H. B. Pasoendan henteu di taroskeun deui, dimoeat s teh etang etang panambih katerangan bae, netelakeun di kassier parantos teu aja artos, sareng boekoena beres. Sakieu djawaban ka H. B, Pasoendan.

Noe maraos Sipatahoenan; handjakal ieu djawaban rada elat. keur mah ngintoenkeunana rada elat, katambih deui dina serat kabar minggoean. Bilih kapajoen masih keneh perloe ngadjawab dina serat kabar, ajeuna keur diemoet emoet naha henteu langkoeng sae dina serat kabar sanes, asal serat kabar priboemi. Nomer hidji ngarah enggal, nomer doea roepina langkoeng adil, laloeasa; pikeun redactie Sipatahoenan oge langkoeng raos, moal kadjantenan kasebat beurat sabeulah sapertos dina nempatkeun karangan kintoenan hidji comitelid. Badan lid Hoofdbestuur sareng Redactie Sipatahoenan sesah dipasahkeunana. *)

Bandoeng, 3 Maart 1926.

**Comiteleden Studiefond Djenat**

*) Koering sorangan teu ngarasa soesah misahkeun badan koering qua Commissaris H. B. Pasoendan sareng qua redacteur sarta ngarasa qua redacteur henteu ngadjalankeun kateuadilan. Djr. Comitelid noe tadi n e batna beurat sabeulah, lantaran teu atjan oeninga leres doedoekna perkara (misverstand). Ningal seseratan djr. Voorzitter H. B. Pasoendan, kawasna Hoofdb. tina hal Studiefonds rek beungbeungan bae.

**Red.**

## Pertanjaan ka H. B. Pasoendan.

Waktos ramean congres basa Soenda di Bandoeng, PASOENDAN pikeun djelema loear (noe teu terang) kenging oge ngaran sae, parantos tiasa ngatoer pesta sakitoe. Geuning oepami teu lepat kapoengkoer dina Sipatahoenan oge aja poedjian doeka ti saha, ngan henteu ati tjara congres kamari ieu di Tasikmalaja mah nepi ka disebatan noe saoerang lega tarang, noe saoerang deui enz. Ajeuna bade toemaros ka H. B. PASOENDAN koemaha sareng naon margina noe mawi roegina eta rarameau anoe koerang leuwih f 2000 — (zegge: doea reboe roepia) deegi ka ajeuna kedah dibajaran koe batoer? Tieuk noe tjomel mah Pasoendan hajang ngeunahna bae. Toer djelema noe koedoe majaran teh djelema biasa, hartina teu beunghar. Koe margi ieu perkara oemoem, njoehoenkeun djawabanana ditoelis dina Sipatahoenan atanapi serat kabar sedjen. Djalma-djalma ngantos djawaban. Ieu bae heula.

**Oerang Bandoeng.**

## Loterij Pasoendan.

Koe margi lot seueur keneh noe teu atjan padjeng kapaksa bestuur „Pasoendan" njanggakeun deui rekes ka Goepernoer Pasoendan soepados loterij ditarikna tiasa dipoendoerkeun panglamina 3 sasih. Djadi ieu loterij diboekana moal tjios ping 17 Maart 1926, namoeng pangelat-elatna pisan oge manawi dina ping 17 Juni '26.

Tadina noe djadi bestuur parantos rada bingah wireh parantos seueur


**TEGEL FABRIEK „NAJA"**
**Djalan Pasar - Tjieunteung**
**TASIKMALAJA.**

Sajagi roepa-roepa tegels.
Pangaos ditanggel ngabingahkeun. Tjonto-tjonto dikintoen pertjoemah (gratis).
Mangga tjarobian.

Hormatna noe
ngantos-ngantos.

**ENGGAL NGAGALEUH**
**„Wawatjan Wajang Poerwa"** sae eusina, sae basana, sae dangdingna seueurna 1019 pada, pangaosna moeng **f 1,25.** Oentoengna tina ieu boekoe anggoeun **Schoolfonds H. I. S. Pasoendan** Tasikmalaja.

**TOKO**
**Universeel Agentschap**
**NIC MULLER**
**TASIKMALAJA**
**Goenoengladoe No. 15**
**Telefoon No. 26.**

Sagala roepa obat-obat Patent sareng Chemicalien.
Tjelep (sipoehan sindjang).
Landong roepi roepi sapertos:
Landong njeri bool
Landong soepados tiasa koelem
Pil koeras manis
Landong panas anggoëun moerangkalih
Landong intjok
Saboen anggoeun kasawat koelit
Landong noe lembek salira soepados djagdjag
Landong gohgoj sareng mengi
Zalep boelao koneng sareng bodas
Kompa pinareup
Wedak roepi roepi
Pel njenjepan
Landong njeri kahampangan
Castor olie noe diboengkoes
Creoline, Karbol
Kompa istri
Landong njeri beuteung tadjam
Oebar kokoloteun
Landong angkeug
Kain karet No. I.
Landong kiat ka . . . ?
Landong kakiatan moerangkalih soepados montok
Limoen pergasi
Landong paranti moeragkeun boeloe kelek
Oebar raheut
Oebar paranti dikoeramas
Oebar toembila
Landong kakiatan salira
Perban perbauan. kapas sareng seueur seueur deui.

Awas! Tjelep badjoe atanapi kain kain roepi roepi warni.
Model, moerah, aloes.
Poendoet bae prijscourant (boekoe pangaos) kenging pere.
Sadaja barang kenging pesen rembours. Mangga tingali koe andjeun ka toko.

Noe ngantos
40 **Nic Muller.**

**PRIJSCOURANT 1926.**
**NEMBE KALOEAR**
Seueur barang-barang noe ditoeroenkeun pangaosna.
Seueur tambihna boekoe-boekoe sareng barang-barang marodel.
Mangga poendoet ieu prijscourant anjar ka
TOKO BOEKOE
**L. A. LEZER**
**Tasikmalaja.**

**TOKO BOEKOE**
**M. I. PRAWIRA WINATA.**
**Katja-Katja WETAN 132 BANDOENG.**

**AGAMA ISLAM.**
Dasarna laoetan rachmat, bibitna kasoegihan pikir; **Raden Pandji Soeria Nata Pamekas,** boedjangga toelen anoe kagoernita ka mana-mendi; digezien koe **Kiai Moehamad Saleh** Panghoeloe Kaboepaten Lebak, oelama di Banten.
Soegri anoe teu atjan mantra-mantra kana **Agama Islam,** oepami dek ngaos ieu kitab (aksara Walanda), mangga raoskeun . . . . ! Koe emoetan tangtoe ngarakatjak manah. kadangkala saboeloe boeloe, tina ngaraos kadoehoeng sagede goenoeng teu goegoeroe ti kapoengkoer; handjakal anoe teu aja papadana teu ngotektak diadjar ti baheula. Geuning **Agama Islam** teh ari **kabartos** mah, horeng kitoe kaahenganana, doemoegi ka raraosan teh langkoeng oentoeng batan kagoentoeran madoe, langkoeng bingah batan mendak pependeman . . . . . . sawangsoelna raos aringgis langkoeng batan maoet hinis.
**Pangaos f 2,25. Franko di Post f 2,60. Rembours f 2,90.**

**Koopt en verkoopt tweedehandsch boeken.**
Moderne talen — Werken op elk gebied.
**Spotprijzen!**

**Bureau „ONTWIKKELING" Bandoeng**
„Sakola loehoer djaman ajeuna teh nja eta boekoe pirang-pirang" tjek Thomas Carlyle mah hidji djelema noe katjida pinterna. Bener pisan ieu omongan teh.
Sabab dina abad ka 20 mah koe reana boekoe tina bab naon bae. oerang teh teu koedoe asoep ka sakola loehoer oerang oerang hajang madjoe nambahan pangarti, asal bae oerang caek matja.
Oepama andjeun hajang nambahan pangarti geuwat langganan „Cursus ditoelis" noe dikaloearkeun koe Bureau Ontwikkeling di Bandoeng, kaloearna saboelan doea kali, mimiti tanggal 1 Februari 1926.
Ieu Cursus mere katerangan ka andjeun koe basa Walanda koemaha prakprakanana diadjar basa Inggris. Gantjang ngartina kana basa Inggris make ieu Cursus mah. Basa Inggris teh basa doenja. Oelah asa-asa enggal langganan, artosna f 1.75 sakwartaleun kintoenkeun ti pajoen ka
**BUREAU „ONTWIKKELING"**
**BANDOENG.**

**TAN HOEN AUW**
Toekang pasang gigi sareng panon palsoe ti Bandoeng ajeuna di Pasarbaroe Tasikmalaja.
Adres anoe mirah padamelan ditanggel sae.
Dina katoeangan-katoeangan anoe raraos sok sering ngadjantenkeun roa oelam saladjengna kasawat waos anoe sesah pisan dilandonganana. Meh teu tiasa deui njarioskeun sakoemaha kateuraosanana anoe kasawat waos, anoemawi kedah didjagi ti samemehna.
Ajeuna sim koering njajagikeun saniskanten landong anoe koemaha bae, nja kitoe deui ngadjagi soepados salamina waos sehat berseka, tiasa didjagi koe landong sim koering.
Para Istri dioeroesna koe njonja. Mangga saroemping.
Hormat noe ngantos-ngantos
11 **TAN HOEN AUW**
**Pasarbaroe 59 Tasikmalaja.**

**SIK DJOEN KWAN**
**TOEKANG GIGI**
**Tjihideunggede No. 23 Tasikmalaja.**
Teu aja deui angen-angen sadajana, jen di doenja palaj hiroep senang sareng kasehatan, dina barang toeang kapalaj teh anoe parelem anoe raraos bae. Handjakal tina hal barang kasehatan waos mah, margi sakoer anoe di toeang eta sajaktosna nambihan oelam, teu karaos njarelapna dina waos, lami-lami ngagoendoek ka lebet doegi ka kadjadian njeri waos sareng koropok.
Di dieu bade diterangkeun, jen kasawat waos oepami teu ditoeloeng koe ahlina (dokterna) moal tiasa sae, katoeangan anoe teu antjoer pisan ngadjadikeun kasawat lalendeng poesing, njeri patoeangan, sesek napas, eungap, teu aja napsoe kana barang toeang sareng sanes-sanesna. Ieu sadaja kasawat moal tiasa sae leres-leres, oepami waos masih teu sehat, ngandoeng pirang-pirang oelam.
Ajeuna sim koering di dieu parantos ngadeg tokona njajagikeun roepi-roepi landong waos, anoe koemaha bae tiasa dilandongan koe sim koering kalawan ditanggel.
Nja kitoe deui njajagikeun waos palsoe, poslen, toelang, perak, emas saniskanten aja. Ngaratakeun waos ngaberesihan sareng ngagilapkeun soepados herang sapertos kilat tatit, koemargi kieu, tangtos djadi ngawoewoeh tjahaja.
Njajagikeun deui panon palsoe, oelah salempang.
Djoeragan djoeragan istri dilandonganana koe njonja, nja eta poen bodjo.
**Anoe ngantos pesenan a saroempingna'**
**SIK DJOEN KWAN**
18 **Sarimbit.**

FROM
**TABIB FAZAL MOHAMAD**
**HINDOOSTAN'S MEDICINE SHOP**
**TJIHIDEUNGWEG No 14 TASIKMALAJA.**

VERKLARING.
Anoe nanda tangan di handap ieu R. H. Achmad Cartobie di Tjitapen Tasikmalaja. Nerangkeun kamandjoeranana oebar ti Toko Fazal Mohamad di Tasikmalaja. Anoe geus ditjoba koe sim koering babakoena tina perkara oebar panjakit Ambej. Ieu panjakit noeroetkeun kajakinan bangsa Tabib jen koedoe dibelek (operatie) Tapi sanggeusna sim koering dioebaran koe ti Toko Obat Hindoestan noe kaseboet di loehoer, bisa tjageur teu dibelek deui.
Djadi kasanggoepanana eta obat noe geus disebarkeun di soerat kabar estoe benerna, toer ongkosna moerah pisan, lamoen dibandingkeun djeung bangga na panjakit.
Tanda tangan noe kaseboet di loehoer
**H. A. Cartobie.**
Jang lain dari itoe ada banjak jang kasih poedjian saperti:
Dari: Toean Buirger Noesa Kambangan Tjilatjap
Toean Moh. Bawasir Tjilatjap.
Hadji Abdoel Hamid Tjilatjap.
Toean J. A. Tan Djokjakarta.
Toean Basiroean Demangoe Djokja.
M. Prawiro Djokja Toegoe.
M. Soekantapradja Kalangsari Tasikmalaja.
R. Wiria Manondjaja. Toean M. I. Pieters Koetoardjo.
M. Soma Tjigedoeg Garoet.

lot noe parantos di tangan noe sanes, di sepoeh sepoeh moerid H. I. S. Pasoendan sareng di noe sanes deui. Nanging oenggal dinten seueur lot noe diwangsoelkeun deui, djadi ajeuna bade tarekah deui ngilari djalan noe sanes. Ka bestuur Tjabang-tjabang Pasoendan noe sanes bade ngintoen deui lot njoehoenkeun dipangngitjalkeun. Emh roepina djelema-djelema teh ajeuna seueur noe sesah, boektina ngadjoeal lot sakieu oge sesah pisan.

Nja wajahna bae djoeragan-djoeragan disoehoenkeun kamoerahanana kersa ngagaraleuh lot Pasoendan.

Hatoer noehoen ka sadaja noe parantos ngadeudeul ngagaleuh lot sareng ka noe parantos mangitjalkeun lot.

Hoermatna

**Pestuur Pasoendan!**

**Tjabang Tasikmalaja.**

## Soenda ajeuna.

Ari aloesna poegoeh nerangkeun ketjap teh koedoe dipapaj sadjarahna, tapi pikeun nerangkeun ketjap **soenda** oerang geus poegag madjoena mapaj sadjarah. Djoeragan Poeradiredja djeung noe sedjen sedjen, anoe njoektjroek basa Soenda, henteu kebat nerangkeunana, naha koemaha djeung iraha kadjadianana **wasoendha** djadi soenda, nja eta leungitna sada, wa; djeung naon sababna noe matak soenda dikoeroepkeun kana harti „ noe mangkoe kamoekten."

Koe lantaran kitoe oerang neangan djalan sedjen, anoe teu mentjog mentog teuing tina bener, oelah tjara kirata—dikira—kira njata-nerangkeun korsi asalna tina tjokorna di sisi, noeroetan misro djeung peutjang.

Di loehoer oge geus ditoelis „soenda ajeuna" lain „soenda baheula", djadi oerang nerangkeun saboektina ketjap anoe kapake ajeuna.

I. Tjek paramasastra (elmoe basa) ketjap teh kadjadianana tina sada, anoe pada boga harti, ngan kaajeunakeun hartina hidji-hidji sada teu dipalire lolobana; anoe masih keneh kanjahoan ngan saeutik pisan, saperti: di, ka, ti, mah, teh, ra, sa, na, pa, si, al djeung sadjaba ti eta, anoe hiroep djadi ketjap djeung djadi rarangken ketjap. Lian ti noe djadi ketjap djeung noe djadi rarangken tea sada-sada noe sedjen koe oerang teu ditengetan hartina.

Demi **soenda** kadengena doea sada, nja eta **soen** djeung **da**. Tapi samemehna oerang mapaj hartina hidji-hidji sada, perloe oerang njaritakeun heula kaanehan ketjap dina basa Soenda. Loembrahna anoe djadi loeloegoe harti dina ketjap bagian (sada) anoe pandeuri, tapi ari anoe dibedas keun koe lentong bet anoe ti heula, noe lain loeloegoe tea. Eta djadi sasmita, jen karepna punjeta losna mawa soelaja, nja eta moepoedjoehkeun rarangken, ragana disapirakeun; anoe soenat diperloekeun, noe wadjib dilalaworakeun. Tataban adab-adaban matak soeboer bebeneran, ngaboenian anoe bener, da bener mah ngaleungeundjeur sarta peuheur, tjek oerang Walanda tea mah **de naakte waarheid is hard.** Enja eta teh.

Geus kitoe oerang teangan hartina **soen** djeung **da**.

1. **da** anoe poegoeh keneh hartina **saroea** djeung **sabab**; dina basa Djerman (Duitsch) aja ketjap da, anoe hartina saroea djeung koe lantaran, koesabab. Moal enja oerang njokot ketjap da tina basa Djerman, nja kitoe deui sabalikna teu bisa djadi, lantaran Soenda djeung Djerman papahare, teu aja tepoengna. Lain aneh etah, noe teu mantra-mantra bet boga ketjap saharti. Ieu di handap dina da No. 2 paamprok deui.

2. **da** hartina tempat, wadah; kanjahoanana tina ketjap-ketjap anoe toengtoengna da, saperti: dada, koeda, roda, tempat noe melendoeng: kendi, bendo, bende, kadoe, randoe (da, di doe, dé, do, deu, de saharti keneh). Dina b. Djerman da = di dinja.

3. **da** hartina padeukeut, adek, tepoeng; saperti dina ketjap: njanda, pada, njarande, diadoe, toelang sandi. Robahna tina tepoeng kana ngalawan, saperti: lada, bendoe, minda, mandi (= matih), katjida.

4. **da** hartina lowong, saperti: doeda, randa, rada, soeda; robahan tina lowong kana koerang, saperti: rada, soeda, parada, peda.

5. **da** hartina aja, saperti: ada, banda, ridoe, ieu saenjana saoejoenan djeung No. 3.

6. **da** hartina sora, saperti: sada, doemareuda, merdoe (ngeunah), kanda (omong).

Ari **soen** anoe djadi loeloegoe kapanggihna koe koering ngan tiloe: 1 ngoempoel dina ketjap doesoen; 2 ngentep dina ketjap soesoen; 3. ngaroeksak, ngabengkahkeun, ketjapna lasoen, sabab lasoen teh hama. Oepama soen dipake rarangken, nja eta keur ngabangoen ketjap sedjen, hartina mah kitoe-kitoe keneh bae, ngan aja robahanana, saperti tina ngabengkahkeun djadi anggang, ngedjat, mesat, tjengkat dj. s. t.

Tjing ajeuna soen djeung da oerang toemboekeun djadi naon pihartieunana, tapi da noe kahidji koedoe diiwalkeun, sabab hiroepna matjakal sorangan.

1a, Soen koempoel, da tempat, pihartieuna meureun pakoempoelan tempat, boektina pirang-pirang poelo djadi sagoendoekan (Poelo-Poelo Soenda).

1b. Soen koempoel, da tepoeng, pihartieunana meureun rioeng moengpoeloeng; ieu koering henteu bisa ngablaskeun, ngan anoe ngambah elmoe gaib Kasoemedangan meureun ngartieun. Bisi noe matja panasaran mah paloeroeh bae kadinja, entong nanjakeun ka koering, teu tabah. Ari tepoeng bedja mah tetela koe Malabar-Radio.

1c. Soen koempoel, da lowong, pihartieunana meureun sagala euweuh, sepi boedi, taja pantrang, sagala larangan disorang, koebra teu aja tjabara. Pantes oerang rek soesah ge, da bongan oerang balangah.

1 d. Soen koempoel, da aja, pihartieunana sagala aja, sadia sapoeratina siga sabalikna pisan ti noe bieu di loehoer, padahal henteu, da tadi mah euweuh soteh kana hodjah, ajeuna mah sajaga bahan, boektina roepa-roepa kaperloean anoe hiroep di oerang aja bahanna, saperti; dahareun, pakean, emas, inten, beusi, minjak djeung rea-rea deui.

1 e. Soen koempoel, da sora, pihartieunana pakandangan sora; geura sorana sakabeh basa, anoe geus kanjahoan, kandangkeun kana sora basa Soenda: a, i, oe, e, o, eu. e.

Handjakal kanjaho koering tina basa tjetek pisan, djadi teu bisa noenoedoehkeun anoe saterang terangna, pikeun njaksian enja henteuna Soenda pakandangan sora. Keur tamba woedoe pisan mah nalingakeun noe deukeut bae, tjara basa Malajoe djeung Djawa sorana pada genep, teu baregaeun EU; bedja bareto ti tatangga, Djepang sorana lima: a, i, oe, (ditoelisna U), e. o,; noe mindeng kadenge ti baroedak H. I. S. kawih Walanda sorana lima: oe (oenikeunana sapetti dina mohon basa Malajoe), e, i. a, o, (pokpokanana do. re, mi, fa, sol, la, si, do, djadi sorana noe enja ngan lima. sabab la sorana geus aja dina fa, si malikan mi, do malikan noe mimiti), ngan marelena retjol teu tjara Djepang sapagolos djeung oerang; aja deui noe mindeng kadenge basa Arab, sorana ngan tiloe; oe, a djeung i. Tjek koering mah koe sakitoe oge geus aneh. Di batoer ajana sora eu dina basa Sangsakrita, nja eta basa koena noe dianggap karoehoenna kabeh basa noe dipake ajeuna.

2 a. Soen ngentep. da tempat, pihartieunana meureun oempak oempak tahap tahap, panta panta.

2 b. Soen ngentep, da adek, pihartieunana meureun noempoek, padet, kekep.

2 c. Soen ngentep. da lowong, pihartieunana meureun haroong, kokorompong, kosong.

2 d. Soen ngentep, da aja, pihartieunana meureun majeng, langgeng.

2 e. Soen ngentep da sora, pihartieunana meureun ngarampid, pondok tjatoer.

Oepama eta noe lima roepa dihidjikeun, mondokkeun tjarita panta panta djadi hidji, soewoeng balangan haroengan, langgeng ngagenggem bahasa. Djadi Soenda teh rasiah gede, lain teuleumaneun loemajan, lain soesoeleun noe ngedoel, boedjangga samar kadoega, ngadoega doedoega Soenda. sangga boeana manoesa.

3 a. Soen roeksak. bengkah. anggang da tempat, pihartieunana meureun bentjar, patoeraj alasna, kaboektian alas Soenda mentjar djadi sababaraha poelo, anoe tadina sagebleg tjek pangira-ngira.

3 b. Soen anggang, da adek, pihartieunana meureun paangang henteu papisah. patepoeng henteu ngahidji. Siloka deui bae. Deet-deet sasaengan teu bade sagoeloeng sagalang, angot anoe geus rimbitan, eta sok kadjadian salah dangkak.

3 c. Soen anggang. da lowong, pihartieunana meureun langka towong, tara soewoeng. Tara loeang naon Soenda teh? Tara loeang soeka doeka, bisa tjeurik hari seuri. Geura tabeatna Soenda talingakeun.

3 d. Soen anggang da aja, pihartieunana meureun langka, tjarang noe njaho. Tangtoe pisan lamoen barang langka tara kanjahoan koe sarerea,

3 e. Soen anggang da sora, pihartieunana meureun mentjar sorana, basana njaliara, kabedjakeun ka djaoehna.

Eta noe lima perkara oerang bidjilkeun, soepaja beres hartikeuneunana. Soenda disoendakeun deui, sanadjan enggeus patoeraj moal boeroeng djadi goeloeng, moal towong anoe anggang daratang, nareangan barang langka, kawentar ka manamana.

Koe asa heueuh tepoeng djeung tjarita oega. Engke di djaman ahir di Galoenggoeng bakal aja doekoen sakti, panjoenggoehan noesa tigang poeloeh tiga, tapi ajeuna tatjan aja emboes-emboes. Taksiran palikana teuleum keneh di leuwi Sipatahoenan, kantjrana tatjan oeunang. Saha palikana noe keur teuleum, djeung saha noe doeaan deui noe njoesoel? Ah, keun bae teu borong Pangeran, oerang mah djadi poerah soerakna tea bae, lamoen hiroep keneh kitoe oge.

Siga lain, Soenda noe njangking perbendaharaan? Ki Doekoen Sakti tea soegan noe djadi Datoe Bendahara teh.

II. Baris nerangkeun soenda oerang bisa njokot tina roentoejan ketjap anoe genta-ganti sora, nja eta: sanda, sandi, soenda. Sanda-njanda hartina njarande; sandi nempelkeun harti koe salin aksara; soenda nepakeun roepa koe ngalih warna. njamoer meureun ngaranna.

Ti tadi oge tjek koering ngan lamoen, soegan djeung meureun, henteu nangtoekeun.

**Mah. Ambri.**


# DOCTOR SOEKARDJO

**Heerenstraat No. 18**

**(Poengkoereun Masdjid)**

Nampi tamoe oenggal dinten, djabi ti **Senen** sareng **Kemis,** margi kedah tournee ka Pangandaran.

## GESUBSIDIEERDE NEUTR H. I. S.

**„Boedi Prijaji" Garoet.**

Ngawitan 1 Mei 1926 aja lowongan hidji goeroe kaloearanKweekschool noe dinesna sakirang-kirangna dalapan taoen. Noe bade ngalamar kedah iasa maparin bewijs noe sah, katjekapan tina hal ngadjar basa Malajoe sareng Soenda. Gadjih sareng kawadjiban[2] sami sareng di sakola Gouvernement. Adres panglamar ka Hoofd der school.

Bestuur,

# Dr. TAN TJOEN HAIJ

**ARTS.**

Di Kebondjoekoet Zuid Bandoeng, tjaket tilas boemina

Djr. Dr. Saleh Marhoem.

Ngalandongan sagala roepi panjawat. Marios saban dinten.

**Waktosna.**

**Endjing-endjing 7-9**

**Sonten 4-5**

41

## PERELOE AROENINGA.

| | |
|---|---|
| 1000 (sareboe) Keretas post sae kenging njitak pangaos . | f 4.50 |
| 1000 ( „ ) Amplokna „ „ „ „ . | f 4.50 |
| Zak-Almenak taoen 1926. sadjilidna . . . . . | f 0 35 |
| Boekoe Inlandsche-Verponding kenging njoerahan djoeragan R. SOENARJAKOESOEMAH Onder Voorzitter Landrad Mester - Cornelis pangaos sadjilidna . . . . . . . . . | f 1.— |
| Boekoe tjarios Pemboenoehan toean Doorman pangaos . | f 1.25 |

Tas tina koelit anoe sae mode JORNALIS, timbangan serat sareng roa-roa deui kaparloean kantor-kantor sareng parabot njerat anoe sesah ditetek hidji hidjina, pangaosna anoe tangtoe mirahna.

Padamelan tjitakan ditanggel sae enggal.

Anoe ngadjeng sareng hoermat

**„Galoenggoeng Drukkerij."**

**Eere diploma ti Groote Tentoonstelling Tasikmalaja. 1925**

# Koek - en Banketbakkerij

**Fabriek**

RADEN NATAMIHARDJA

**Stationsweg 15/17 Tasikmalaja.**

Sadjabi ti sajagi koeweh-koeweh teh disajagikeun tempat ngaleueutna noe sampoerna.

Sareng tiasa ngitjal kaperloeanana koeweh, sapertos: boemboena, klosirna sareng kembangna oge, pangaos kenging badanten.

Tiasa mangdamelkeun ijs poeter noe sajaktosna, dina 1 Liter timbangan pangaos f 2,50 doegi ka f 5— ditanggel sae.

Noe ngantos

17 **Raden Natamihardja.**

Stationsweg 15/17 Tasikmalaja

## TOKO en DRUKKERIJ

**Pasoendan Tasikmalaja.**

Boekoe-boekoe saniskanten pangadjaran sakola, Bale Poestaka sareng roepi-roepi aosan sepoeh anom pameget istri. Batara Rama I en II Wajang Poerwa (babadna Pendawa).

Tinoenan: Roepi-roepi saroeng geroesan, palekat, andoek-andoek sadaja kaloearan Soekasoekoer karadjinan oerang Soenda.

Tatanen: Sajagi binih soeoek wedalan Bogor roepi-roepi, mananggel djadi kaoentoengan noe tani, binih djagong Bandjar noe paloekna tea.

Prijscourant sareng monster kenging dipoendoet.

Tjitakan: Roepi roepi staat, ondangan sareng blanco blanco. Henteu awis. Sadaja pangaos galib ajeuna mirah bae.

## TOEKANG KAJOE DARI BATAWI

# SIN HONG BOEN.

**Pasar kolot 13 Tasikmalaja.**

Ngitjal sareng ngadamelan barang-barang tina kajoe sareng howe, pada melan mananggel beres rapih sareng sae. Kenging diaben sareng sanes-sanes. nja kitoe deui dina modelna,

Pangaos mirah, sedeng bersaingan

Roepi-roepi marmer, katja batoe, kaja hedjo, ieu sadaja djadi perhiasan ngawoewoeh kana resmina barang. Mangga tingalian saksikeun, bandingkeun saniskantenna.

Noe ngantos-ngantos.

# AWAS!!

**SA'IR PENTING**

Lamoen palaj njenangkeun manah,
anoe tjotjog kana manah,
ka salira matak ngareunah,
matak djaoeh tina pitnah.

Mending oge ngaos boekoe,
dina korsi atawa bangkoe.
moen kabartos moal kakoe,
pikeun saneskara lakoe.

Lamoen palaj raos seuri
ngaos boekoe „PABRIK SEURI"
matak leungit sagala kanjeri,
datang ni'mat noe mawa sari.

Moen palaj raos goemoedjeng,
ngaos boekoe „GOEDANG GOEMOEDJENG,
landong matih matak wiloedjeng,
mangga soemping teu kinten di adjeng-adjeng.

Boekoe „ROESIAH NOE GEULIS"
lenjepkeuneun noe gareulis,
pikeun noelak setan ibllis,
matak terang „ADJINA" geulis.

Talakan djaman ajeuna,
anoe teu kinten ramena,
„ELIS ATJIH" tjariosna,
dipikaresep koe sadajana.

Boekoe sae djabi ti eta,
ti „DJR. M. I. PRAWIRA-WINATA"
ti „BALAI POESTAKA" njata,
noe kasohor ka oenggal kota.

Pikeun djalan „KAMOELJAAN,
soemangga geura tjobian,
senes kanten disajagian,
di BIBLIOTHEEK „SINAR-KAMADJOEAN.

## Perloe Oeninga.

Mangga aos mangga tjobian mangga boektikeun salamina nampi roepi-roepi padamelan panganggo pameget atanapi anggoan Maroerangkalih noe didamelna ditanggel sae sareng rapih, oge kantenan disajagikeun lawonna roepi-roepi sareng nampi kengkenan ngadangdosan roepi roepi bangsa eriodji kalajan disajagikeun saparabotna.

Diantos pisan kersa njobian sareng enggal pesen Ongkosna (Pangaosna) di tanggel mirah.

Hormatna poen

**SASMITA**

Kleermakerij en Horlogemakerij

merk

**„Malah Mandar"**

Stationweg 21

TASIKMALAJA.

## Goeroe kaloearan ti Hoogere Kweekschool.

Dilari hidji goeroe kaloearan ti Hoogere Kweekschool kangge enggal dibenoem kana KAPALA sakola di Neutrale Hollandsch-Inlandsche school di Medan (Sumatra's Oostkunst).

Gadjih noemoetkeun atoeran di Gouvernement sareng diwoewoeh paling saeutik f 50.— sasasih.

Serat-serat lamaran kedah dialamatan ka

**Bestuur Schoolvereeniging Boemipoetra Hindia di Medan**

(Soematra's Oostkunst)

## Pangaos toeroen!

Boekoe-boekoe karangan M. I. Prawira Winata, noe disebat di handap ajeuna kieu pangaosna:

| | |
|---|---|
| Tembang Sisindiran. . . . . | f 0,50 |
| Wawatjan Pangeran Soemedang | f 0,25 |
| Pemimpin hitoengan . . . . | f 0,60 |

Kenging ngagaleuh di toko-toko boekoe

**Boekhandel VISSER & Co.**

Bandoeng.

**Boekhandel L. A. LEZER**

Tasikmalaja.